

Kesyon moun poze souvan sou vaksen kont COVID-19

Mizajou: 15 avril 2021

Disponibilite epi pran randevou pou vaksen an

Kilè mwen kapab pran yon vaksen kont COVID-19?

Mass General Brigham ap ofri randevou pou premye dòz yo pou pasyan ki elijib selon [plan distribisyon vaksen eta a](#), selon kantite vaksen ki disponib la. Selon [faz vaksinasyon](#) Commonwealth of Massachusetts la, moun ki laj 16 zan oswa plis (Faz 1, 2 ak 3) yo elijib pou yo pran yon vaksen kont COVID-19, apati 19 avril. Mass General Brigham ap swiv rekòmandasyon Massachusetts yo otan li kapab, selon kantite vaksen ki disponib la.

Si ou ap viv nan yon lòt Eta, tanpri verifye enfòmasyon Eta w la bay.

Tanpri sonje: Massachusetts prevwa kantite vaksen an ap limite anpil.

Kijan yo pral kontakte mwen konsènan vaksinasyon an?

Selon kantite vaksen ki disponib la, Mass General Brigham pral kontakte gwoup pasyan ki elijib yo atravè [Patient Gateway](#), pa imèl oswa mesaj tèks.

N ap kontinye ba w dènye enfòmasyon yo sou opsyon vaksinasyon w genyen yo atravè [Patient Gateway](#) ak sou [sitwèb](#) nou an.

Mass General Brigham pa kontakte mwen pou m pran yon vaksen kont COVID-19. Èske mwen ka pran vaksen an nan Mass General Brigham?

Ou kapab pran yon vaksen nan Mass General Brigham lè yo envite ou pran yon randevou. Nou envite pasyan ki elijib yo pran randevou yo selon kantite vaksen nou genyen ki disponib la. Li ka pran tan anvan w resevwa envitasyon pou ka fè randevou w la. Tanpri pran pasyans.

Si w pa gen yon randevou vaksen ki pwograme nan Mass General Brigham, tanpri piga ou kontakte biwo doktè w la pou pran randevou. N ap pran tout randevou vaksen yo atravè yon sant planifikasyon santral.

Ou gen dwa kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 pi bonè nan yon sant vaksinasyon eta a, nan yon klinik lokal vil la oswa nan famasi. Pou jwenn plis enfòmasyon sou klinik sa yo epi pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb Mass.gov](#) la oswa konpoze 2-1-1.

Ki kote mwen kapab pran vaksen kont COVID-19 la?

Mass General Brigham louvri [klinik vaksinasyon](#) rezève ki gen aksè fasil pou pasyan Mass General Brigham nou yo. Nou pran angajman pou n asire pasyan nou yo k ap viv nan kominote pandemi COVID-19 la frape pifò yo, jwenn vaksen yo. Klinik sa yo se pou pasyan elijib nou yo ki gen yon randevou

pwograme. Ou pa ka vini san w pa gen randevou. N ap jere tout randevou ki pwograme yo santralman nan Mass General Brigham. Tanpri, piga ou kontakte biwo doktè w la pou pran randevou pou pran vaksen.

Nou fè pasyan ki elijib yo konnen ki klinik ki disponib ak kijan pou yo pran yon randevou.

Vaksen yo disponib tou nan klinik ki nan vil ak nan minisipalite yo, nan famasi lokal yo, ak nan sant vaksinasyon eta a pou pasyan ki elijib yo, selon rekòmasyon Commonwealth of Massachusetts yo. Ale sou [sitwèb Mass.gov](https://www.mass.gov) la pou jwenn kote yo oswa konpoze 2-1-1.

Si mwen deja gen yon randevou pou pran vaksen an ki pwograme nan yon klinik vaksinasyon Mass General Brigham, èske m kapab mennen yon lòt moun avèk mwen pou moun sa a vaksinen tou? Malerezman, repons lan se non. Randevou pou vaksen nan Mass General Brigham yo se pou pasyan ki gen randevou pwograme yo sèlman.

Nou pa otorize nonplis pou nou bay "moun k ap bay swen" vaksen yo. Zanmi oswa moun k ap bay moun ki gen 75 lane oswa plis swen elijib **sèlman** pou yo pran vaksen nan sant vaksinasyon anmas Massachusetts yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kote yo bay vaksen nan Eta a, tanpri ale nan [mass.gov](https://www.mass.gov).

Yo te ofri mwen yon randevou pou vaksen nan Mass General Brigham. Èske mwen kapab bay mari/madanm, patnè oswa lòt moun nan kay la ki elijib randevou m lan?

Non, ou pa kapab transfere envitasyon pou randevou yo bay lòt moun nan kay la, tankou mari/madanm oswa yon depandan ki adilt. Lè li elijib, chak moun pral resevwa pwòp envitasyon pa yo pou pwograme yon randevou pou vaksinasyon.

Mwen resevwa premye dòz la nan yon lòt lopital oswa yon kote an deyò Mass General Brigham. Èske mwen kapab pran dezyèm dòz mwen an nan Mass General Brigham?

Non, nou pa pwograme randevou pou dezyèm dòz, sof si ou te deja pran premye dòz ou an nan yon lokal nan Mass General Brigham. Nou konseye ak tout fòs nou pou pasyan yo pran dezyèm dòz yo a nan menm lokal kote yo te pran premye dòz yo a.

Vaksen Pfizer ak vaksen Moderna a, yo chak yo egziye pou pran de (2) dòz. Vaksen Johnson & Johnson (Janssen) lan egziye yon sèl dòz sèlman.

Kijan mwen kapab konnen ki vaksen mwen pral pran nan pwochen randevou vaksinasyon mwen an?

Se gouvènman eta a ak gouvènman federal la ki founi Mass General Brigham rezèv vaksen yo a. Nou pa chwazi ki vaksen nou resevwa pou distribye. Pi bon vaksen an se vaksen ki disponib pou ou nan jou randevou w lan. Tanpri note nou fè yon kanpe sou administrasyon vaksen Johnson & Johnson lan.



A kisa pou w atann ou lè w ale nan yon randevou pou pran vaksen kont COVID-19

Li kesyon moun poze souvan sou a kisa pou w atann ou lè w ap pran yon vaksen kont COVID-19, ki gen ladan enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo.

[Kesyon Moun Poze Souvan sou a kisa pou w atann ou nan vaksinasyon an](#)

Osijè vaksen kont COVID-19 FDA otorize pou itilizasyon annijans yo

Poukisa FDA fè yon kanpe sou vaksen Johnson & Johnson (Janssen) la?

Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (Food and Drug Administration, FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te anonse yon pwoblèm sekirite ki ka genyen avèk vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson (Janssen) la. FDA ak CDC mande pou kanpe sou itilizasyon vaksen Johnson & Johnson la pa pridans pou yo ka byen konplete ankèt yo a. Mass General Brigham kanpe itilizasyon vaksen sa a pandan CDC ak FDA ap kontinye mennen ankèt la.

Yo rapòte trè raman yon kalite boul san ki rele twonbòz venèz sinis serebral pami pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan. Nan apeprè 7 milyon vaksen Johnson & Johnson ke yo bay nan Etazini, yo rapòte 6 ka boul san. Tout ka yo rive ant 6 ak 13 jou apre yo resevwa vaksen an epi sa rive kay fanm ki gen ant laj 18 ak 48 lane ki gen kantite plakèt ki ba.

Kisa pou m fè si mwen te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan?

Si ou te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan nan mwa ki sot pase a, tanpri rele ekip swen sante w la imedyatman si ou gen sentòm:

- Maltèt toutan, ki gen dwa vin pi mal lè ou chanje pozisyon (panche sou devan), ak/oswa ki vini avèk noze, vomisman oswa chanjman nan vizyon
- Maltèt ki ale nan 24 èdtan apre ou pran vaksen an epi ki retounen apre
- Doulè abdominal, janm ki anfle, doulè nan pwatrin, souf kout, oswa mètri

Ou pa bezwen rele doktè ou si ou gen sentòm maltèt, doulè miskilè, oswa lòt efè segondè nan 24 èdtan apre ou pran vaksen Johnson & Johnson lan epi sentòm yo vin ale. Si ou te pran vaksen Johnson & Johnson lan sa gen plis pase yon mwa, nou pa kwè ou gen risk pou efè segondè potansyèl sa a.

Kijan vaksen Johnson & Johnson lan fonksyone?

Vaksen Johnson & Johnson lan se pa yon vaksen ARNm. Se yon vaksen vektè adenoviral. Li sèvi avèk yon vèsyon modifiye viris rim lan ki rele adenoviris 26 pou pase kò ou lòd pou li pwodui pwoteyin apwent yo jwenn sou sifas kowonaviris la. Apresa, sistèm iminitè w kapab kreye antikò kont pwoteyin sa yo pou pwoteje w kont COVID-19 la. Ou pa kapab trape grip la nan vaksen an.



Èske vaksen yo san danje?

Nou pa pral rekòmande okenn vaksen nou pa panse ki san danje epi efikas. Yo te teste vaksen kont COVID-19 yo nan esè klinik sou grann echèl avèk plizyè milye moun diferan ras, laj ak orijin. Chak vaksen pase nan yon pwosesis revizyon règlemantè ki rijid. Nou kontinye ap swiv nenpòt pwoblèm medikal oswa sekirite pou tout vaksen yo.

Apati 13 avril, Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te anonse yon pwoblèm sekirite ki ka genyen avèk vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson lan.

FDA ak CDC mande pou kanpe sou itilizasyon vaksen Johnson & Johnson la pa pridans pou yo ka byen konplete ankèt yo a. ***Mass General Brigham kanpe itilizasyon vaksen sa a pandan CDC ak FDA ap kontinye mennen ankèt la.***

Vaksen kont COVID-19 Pfizer ak Moderna yo se vaksen ARNm yo ye. Kisa sa vle di?

Malgre vaksen ARNm yo se yon nouvo kalite vaksen, chèchè yo gen anpil ane depi y ap etidye ak travay sou vaksen sa yo. Yo pa gen viris vivan ladan yo epi yo paka lakòz COVID-19. Okontrè, yo montre selil nou yo kijan pou yo devlope yon pwoteyin COVID-19 ke w jwenn sou kouch eksteryè kowonaviris la. Konsa, sistèm iminitè nou kapab devlope antikò kont pwoteyin sa yo ak pwoteje nou kont enfeksyon COVID-19. ARNm ki nan vaksen yo pa p janm antre nan nwayo selil nou yo ni yo pa p antre nan ADN nou nonplis. CDC a gen [enfòmasyon sou vaksen ARNm yo](#).

Èske m ka trape COVID-19 apati yon vaksen?

Non. Vaksen yo (Pfizer, Moderna oswa Johnson & Johnson) pa gen viris la annantye ni viris vivan ladan yo. Kidonk, yo pa ka lakòz COVID-19.

Kijan nou fè konnen si vaksen yo fonksyone? Èske vaksen Johnson & Johnson lan efikas pou pwoteje kont COVID-19 menm jan ak lòt vaksen ki disponib yo?

Tout vaksen kont COVID-19 yo pwouve yo vrèman efikas. Daprè sa yo konstate nan esè Faz 3 yo, [vaksen Pfizer](#) a efikas a 95% 7 jou apre dezyèm dòz la. [Vaksen Moderna](#) a efikas a 94% 14 jou apre dezyèm dòz la. Rezilta sa yo te rete konsistan kèlkeswa sèks, laj ak etnisite moun yo.

Selon esè klinik yo, [vaksen Johnson & Johnson](#) lan efikas a 85% kont maladi grav COVID-19. Epiou li bay yon pwoteksyon a 100% kont ospitalizasyon ak lanmò akòz COVID-19.

Konbyen tan iminite a ap dire apre mwen fin pran vaksen an? Èske m ap gen pou m pran vaksen an chak ane?

Nou poko konnen. Y ap kontinye swiv patisipan yo, atravè esè klinik yo, pou yo gade konbyen tan pwoteksyon an ap dire. N ap founi tout dènye enfòmasyon yo dèke yo vin disponib.

Pwiske nou poko konnen konbyen tan iminite a pral dire, li enpòtan toujou pou [lave men w, mete yon mask ak kenbe distans sosyal la](#).

Mwen te gen COVID-19 deja. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Wi, ou kapab toujou pran vaksen an menm si ou te deja gen COVID-19 epi ou refè.

Sepandan, ou pa dwe vaksinen si:

- Ou gen yon enfeksyon COVID-19 aktif epi ou nan izolman, oswa



- Ou gen [sentòm ki ta ka sentòm COVID-19](#)

Èske m ka pran vaksen kont COVID-19 la ansanm avèk lòt vaksen?

Depi sa posib, ou pa dwe pran lòt vaksen 14 jou anvan oswa apre w fin pran vaksen kont COVID-19 la. Si w pran vaksen kont COVID-19 la sou 14 jou apre w fin pran yon lòt vaksen, ou pa bezwen pran l ankò.

Ki efè segondè komen yon vaksen kont COVID-19 genyen?

Kèk moun ka gen efè segondè apre yo fin resevwa vaksen an. Pou majorite moun, efè segondè lejè yo disparèt nan yon jou ou 2.

- Sentòm yo rapòte pi souvan akòz vaksen Pfizer a se doulè kote w pran vaksen an, fatig, tèt fè mal, doulè nan misk, doulè nan jwenti, ak frison.
- Sentòm yo rapòte pi souvan akòz vaksen Moderna a se doulè kote w pran piki a, fatig, tèt fè mal, doulè nan misk, frison, doulè nan jwenti, glann anfle nan menm bra kote w pran piki a, kèplen ak vomisman epi lafyèv.
- Sentòm ki pi komen yo rapòte sou vaksen Johnson & Johnson lan se doulè kote w pran piki a, tèt fè mal, fatig, doulè nan misk, ak kèplen (noze).

[Li plis enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo](#)

Èske ou pral chwazi ki vaksen pou bay pasyan yo dapre laj yo, eta sante yo oswa lòt faktè risk yo?

Mass General Brigham pa kapab seleksyone ki vaksen (Pfizer oswa Moderna,) chak pasyan ap resevwa. Se gouvènman eta a ak gouvènman federal la ki founi rezèv vaksen nou an e nou pa chwazi ki vaksen pou nou resevwa pou distribye.

Mwen pito yon vaksen espesifik. Èske mwen kapab tann jiskaske ou gen plis nan vaksen sa a?

Moun k ap resevwa vaksen yo p ap gen posiblite chwazi ki vaksen yo resevwa. Tanpri note nou fè yon kanpe sou itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan pandan CDC ak FDA ap ankete sou rapò boul san ki rive raman yo.

Pi bon vaksen an se vaksen ki disponib pou ou nan jou randevou w lan. Tout chwa vaksen yo ki disponib pou pasyan nou yo san danje epi yo efikas anpil.

Pou kounyeya, nou sitou ap bay vaksen Pfizer a nan klinik nou yo.

Vaksen Pfizer ak vaksen Moderna yo egzije pou pran de (2) dòz. Apre ou resevwa premye dòz ou a, dezyèm dòz ou a ap soti nan menm fabrikan an. Sa vle di si premye dòz ou a se vaksen Pfizer a, dezyèm dòz ou a pral Pfizer tou; si premye dòz ou a se vaksen Moderna a, dezyèm dòz ou a pral Moderna tou.

Mask ak distans sosyal

Èske m ka sipann mete mask epi sipann aplike distans sosyal aprè m fin pran vaksen an?

Pa nan espas piblik yo. Nou konnen vaksen yo pwoteje w pou pa malad, men nou pa konnen si yo anpeche w transmèt li bay lòt moun. Paske se pa tout moun k ap rive pran vaksen an touswit, nou dwe fè anpil atansyon pou nou pwoteje lòt yo. Menm si ou pran vaksen an, ou dwe toujou kontinye [mete yon mask, pratike distans sosyal, epi lave men ou](#). Ekspè nan zafè kontwòl enfeksyon yo pral fè nou konnen kilè l ap san danje pou nou chanje oswa sipann pran mezi sekirite sa yo san danje.



Kilè mwen vaksinen konplètman?

Yo konsidere ou vaksinen konplètman si sa te fè:

- **2 semèn** depi ou te resevwa vaksen yon dòz Johnson & Johnson lan oswa
- **2 semèn** depi ou te resevwa **dezyèm dòz** vaksen Pfizer oswa Moderna a.

*Si sa gen mwens pase 2 semèn, ou **pa** vaksinen konplètman.*

Èske m ka sispann mete mask epi sispann aplike distans sosyal avèk moun ki konplètman vaksinen?

Si ou vaksinen konplètman, ou ka rasanble andedan kay, an prive, avèk lòt moun ki vaksinen konplètman san ou pa mete yon mask. Ou ka rasanble andedan kay san mask avèk moun ki pa vaksinen ki sòti nan yon lòt kay si tout moun ki sòti nan kay ki pa vaksinen an gen risk fèb pou konplikasyon akòz COVID-19.

Tanpri note sa pa aplikab pou milye swen sante oswa espas piblik. Lòt milye travay gen dwa gen lòt rekòmandasyon.

Pasyan ki gen **grèf ògàn solid yo** dwe pale avèk ekip swen grèf yo a pou diskite sou rekòmandasyon sou mask ak distans sosyal.

Ou dwe toujou mete mask ak kenbe distans sosyal nan kote piblik epi lè w ap reyini avèk moun ki pa vaksinen ki sòti nan plis pase yon kay. Si ou gen sentòm, ou dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante ou. Li ka nesesè pou yo teste w pou COVID-19. Jwenn plis enfòmasyon [sou sitwèb CDC a](#).

Poukisa nou dwe vaksinen si n ap mete mask epi n ap kenbe distans sosyal?

Nou dwe itilize tout zouti ki disponib pou n kwape pandemi a. Vaksen kont COVID-19 yo ansanm ak tout mezi lavi kotidyen ki senp yo, tankou mete yon mask ak kenbe distans sosyal la, pral bay pi bon pwoteksyon kont COVID-19 la. Epi menmsi vaksen yo efikas anpil, nou pa konnen jiskounye a ki degre efikasite vaksen an pral genyen pou ou. Gen yon ti kantite moun ki pran vaksen an ki gen dwa trape viris la malgres. Ou ta dwe fè tout sa ki posib pou anpeche ou pran viris la epi transmèt li bay lòt moun.

Alèji

Èske vaksen kont COVID-19 yo lakòz reyaksyon alèjik?

Te gen kèk moun ki rapòte reyaksyon alèjik apre yo te vaksinen. Gen yon ti kantite moun ki te gen yon reyaksyon alèjik ki grav ki rele anafilaksi. Pou rezon sa a, Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande pou moun ki gen yon antedan anafilaksi pou nenpòt nan engredyan ki nan yon vaksen kont COVID-19, pa pran vaksen an. Moun ki gen lòt alèji avèk manje oswa medikaman ka vaksinen.

Anjeneral, pifò pasyan ki fè alèji avèk yon vaksen kapab pran lòt vaksen yo san danje. Si w gen yon istorik reyaksyon alèjik grav ak vaksen, terapi enjeksyon, oswa nenpòt konpozan nan vaksen kont COVID-19 la, ou dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante prensipal ou a oswa espesyalis nan alèji w la (si w gen youn). Pwofesyonèl swen sante w la kapab ede w deside si w kapab pran vaksen an san danje.

[Li plis enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo](#)



Èske mwen kapab pran vaksen kont COVID-19 la si mwen gen yon alèji avèk manje oswa medikaman?

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 si ou gen yon alèji avèk manje oswa medikaman. Vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna, ak Johnson & Johnson pa gen jelatin, ze, oswa latèks ladan yo.

Sepandan, si ou gen yon istorik anafilaksi akòz nenpòt rezon (manje, medikaman ou pran nan bouch, venen, latèks), yo ka obsève ou pandan 30 minit apre ou resevwa vaksen an.

Ki engredyen ki nan vaksen kont COVID-19 yo?

Vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna, ak Johnson & Johnson pa gen jelatin, ze, oswa latèks ladan yo. Epitou, yo pa fè bouchon flakon yo ak latèks kawotchou natirèl. Pasyan ki fè alèji avèk latèks yo kapab pran vaksen kont COVID-19 Pfizer, Moderna ak Johnson & Johnson yo.

Vaksen kont COVID-19 Pfizer ak Moderna yo gen ladan poliyetilèn glikòl. Reyaksyon ak poliyetilèn glikòl yo ra anpil. Pasyan ki gen yon istorik pou reyaksyon alèjik ak poliyetilèn glikòl yo ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo a avan yo resevwa vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a.

Engredyen vaksen kont COVID-19 yo

	Pfizer-BioNTech	Moderna	Johnson & Johnson
Aktif	ARN mesaje nikleyosid modifiye (modRNA) ki kode glikopwoteyin pwent (S) viral nan SARS-CoV-2.	ARN mesaje (mRNA) nikleyosid modifiye ki kode glikopwoteyin pwent (S) viral nan SARS-CoV-2	Adenoviris rekonbine tip 26 ki pa kapab repwodi ki eksprime pwoteyin pikan SARS-CoV-2 a
Lipid - inaktif	(4-idwoksibitil)azanediyil)bis(eksàn-6,1-diyil)bis(2-eksildekanawat)	SM-102 (Propriyete eksklizif Moderna)	2-idroksipwopil-β-siklodekstrin (HBCD)
	2[(poliyetilèn glikòl [PEG])-2000]-N,N-ditetradesilasetamid	Poliyetilèn glikòl (PEG) 2000 dimiristoyl glisewòl (DMG)	Polisòbat-80
	1,2-disteyawoyl-sn-glysewo-3-fosfokolin	1,2-disteyawoyl-sn-glysewo-3-fosfokolin	
	Kolestewòl	Kolestewòl	
Sèl, sik, tanpon – inaktif	Potasyòm klori, monobazik, fosfat potasyòm, klori sodyòm, fosfat sodyòm dibazik diyidrate	Twometamin, idwoklorid twometamin, asid asetik, asetat sodyòm	Asid sitrik monoyidrat, sitrat trisodyòm diyidrate
	Sik (sikwoz)	Sik (sikwoz)	Etanòl
	Dilyan an, yo ajoute nan vaksen an pou yo bay li, se yon dlo sale (klori sodyòm)	Pa bezwen dilyan	Klori Sodyòm



Kisa ki yon alèji avèk vaksen?

Menm jan ak alèji avèk medikaman oswa manje, moun ka alèjik avèk yon engredyan nan yon vaksen. Apeprè mwatye nan reyaksyon alèjik avèk vaksen yo rive nan premye 15 minit apre ou resevwa vaksen an, epi 90% rive nan premye 30 minit yo. Majorite reyaksyon alèjik avèk vaksen yo lejè, tankou itikè.

Yon reyaksyon alèjik ki grav yo rele anafilaksi, ki vrèman ra, rive nan youn sou yon milyon moun pou majorite vaksen yo. Sentòm anafilaksi yo prèske toujou rive sou 4 èdtan apre vaksen an, pi souvan nan kèlke minit. Sentòm yo anjeneral prezante sou plizyè pati nan kò a: itikè sou po, enflamasyon bouch, po bouch, lang oswa gòj, souf kout, souf anlè, oswa lestomak sere, oswa tansyon ki ba oswa pèdi konnesans.

Kisa ki rive si mwen gen yon reyaksyon avèk vaksen kont COVID-19 la?

Paske majorite reyaksyon alèjik yo rive nan premye 15-30 minit yo, yo pral obsève tout pasyan yo pandan 15 minit apre yo vaksinen pou veye reyaksyon alèjik. Si ou gen yon istorik anafilaksi, ou gen dwa gen yon peryòd obsèvasyon 30 minit apre ou vaksinen an. Si ou gen yon reyaksyon alèjik, ekip medikal la pral trete ou menm lè a. Tout kote yo bay vaksen yo ka dyagnostike epi jere reyaksyon alèjik yo epi gen medikaman, ladan epinefrin (“Epi-Pen”), ki disponib.

Pasyan ki iminodeprime

Mwen iminodeprime. Èske m ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la?

CDC deklare moun ki iminodeprime kapab vaksinen, depi yo pa t gen okenn pwoblèm pou yo pran vaksen oparavan. Pou poze kesyon sou alèji ki gen pou wè ak vaksen kont COVID-19, tanpri gade [kesyon moun poze souvan sou alèji](#).

Tanpri, sonje ke vaksen kont COVID-19 yo **pa** vaksen vivan; yo pa souvan rekòmande vaksen vivan yo pou pasyan ki iminodeprime yo.

Pasyan ki iminodeprime yo genyen ladan yo moun ki:

- Ap viv ak maladi VIH
- Moun ki sou terapi iminosipresè tankou esteroyid (prednisone) pandan lontan
- Moun ki sou terapi iminosipresè pou prevansyon rejè grèf ògàn
- Moun ki sou medikaman ki afekte iminite tankou terapi biyolojik (souvan sou fòm piki). Sa yo sèvi pou tretman maladi oto-imin tankou maladi Crohn, poliatrit rimatoyid, lipis, ak lòt maladi.

Nou poko konnen nan ki pwen vaksen kont COVID-19 yo pral efikas pou ou. Ou gen dwa genyen yon repons iminitè ki fèb lè ou vaksinen. Menm si ou pran vaksen, ou dwe toujou [kontinye mete yon mask, pratike distans sosyal, epi lave men ou](#). Tanpri gade [kesyon moun poze souvan sou mask ak distans sosyal](#). Sa se yon verite pou tout moun k ap vaksinen aktyèlman la a. Ekspè nan zafè kontwòl enfeksyon yo pral fè nou konnen kilè l ap san danje pou nou chanje oswa sispann pran mezi sekirite sa yo san danje.

Pou kounyeya, nou pa konnen si w ap bezwen piki rapèl oswa revaksine alontèm. Mass General Brigham pa ka rebay vaksen an toutotan tout moun pa pran vaksen.



Èske mwen ta dwe chanje medikaman iminosipresyon mwen yo lè mwen vaksinen?

An jeneral, nou pa rekòmande pou chanje iminosipresyon an anvan oswa apre vaksinasyon an. Nan ka espesifik, founisè swen sante ou gen dwa rekòmande chanjman. Si w gen kesyon, pale sou sa pandan pwochen vizit medikal ou a.

Èske mwen kapab pran yon vaksen kont COVID-19 si mwen te fè yon grèf ògàn?

Ou kapab vaksinen. Li posib pou yon vaksen kont COVID-19 gen dwa mwen efikas pou ou. Li ka pi bon pou tann omwen 3 mwa apre grèf ou a pou vaksinen, si sa posib, pou kapab amelyore reyaksyon iminitè w fas ak vaksen ou resevwa a (lè w pran mwens medikaman iminosipresyon). Pa genyen preferans pou vaksen Pfizer-BioNTech oswa Moderna. Founisè grèf ou an pral di w si ou bezwen fè egzamen nan laboratwa grèf aprè vaksinasyon an.

Si mwen te fè yon grèf ògàn solid, èske mwen ka sispann mete mask si mwen vaksinen?

Pasyan ki fè grèf ògàn solid yo dwe kontinye rete vijilan nan swiv prekosyon pou COVID-19 **menm si ou vaksinen**. N ap aprann plis bagay toujou sou nivo pwoteksyon apre vaksinasyon lakay pasyan grèf ògàn yo.

Pandan CDC a ap mete ajou rekòmandasyon li yo pou moun ki vaksinen konplètman, nou mande pou ou kontinye evite rasanbleman avèk moun ki pa moun nan kay ou, kèlkeswa sityasyon vaksinasyon yo. Nou rekòmande pou ou:

- Pa reyini avèk fanmi/zanmi ki pa p viv nan kay ou, san mask epi a mwens pase 6 pye (2 mè) distans, **kèlkeswa sityasyon vaksinasyon yo**. Moun ki vaksinen ka pwopaje viris la bay lòt moun.
- Mete yon mask ki byen chitas ou figi w lè ou deyò lakay ou.
- Lave men ou souvan, espesyalman anvan w manje.
- Rete a omwen 6 pye (2 longè bra) distans avèk lòt moun ki pa p viv avèk ou.
- Evite foul ak espas kote lè a pa byen sikile. Plis ou gen moun ou an kontak avèk yo, plis ou gen chans pou ekspozè avèk COVID-19 la.
- Pa vwayaje pou kounyeya.

Selon rekòmandasyon CDC yo, nou pa rekòmande tès antikò pou kounyeya. N ap teste toujou pi bon metòd pou detèmine iminite. Nou pa konnen ki nivo antikò k ap bay pwoteksyon pou pasyan grèf yo. Nou espere gen plis enfòmasyon avan lontan.

M ap tann yon grèf ògàn. Èske mwen ta dwe vaksinen?

An jeneral, vaksen yo fonksyone pi byen anvan grèf ògàn lan, anvan iminosipresyon an kòmanse. Si sa posib, nou rekòmande pou vaksinen anvan ou fè yon grèf.

Gwosès ak alètman

Mwen ansent. Èske m ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la?

Ou ta dwe pale sou opsyon ki pi bon pou ou a ak jinekòlòg obstetrisyen w lan. Sa pral chita sou ris ou pou ekspozè avèk viris la epi a ki pwèn ou ta vin malad si ou trape viris la.



Yo konsidere vaksinasyon an, sitou avèk vaksen ki pa genyen viris vivan ladan, tankou yon pati ki san danje epi ki nòmal nan swen anvan akouchman. Pa egzanp, yo ankouraje vaksen grip la pandan gwosès la. Nan respè rekòmandasyon CDC yo, yo ofri vaksen kont COVID-19 la bay fanm ansent yo.

Èske vaksen an san danje pou fanm ansent yo?

CDC a, [Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekòlòg](#) (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG), ak [Sosyete pou Medsin Matènèl-Fetal](#) (Society for Maternal-Fetal Medicine) tout dakò pou yo ta ofri vaksen kont COVID-19 Pfizer a ak sa Moderna a bay tout moun ansent ak moun k ap bay tete ki elijib pou pran vaksen.

Ou ta dwe pale ak obstetrisyen jinekòlòg ou (OB/GYN) a pou konnen si w ta dwe pran vaksen oswa si w pa ta dwe pran vaksen. Toude, ni viris la, ni vaksen kont COVID-19 yo nouvo. Pa gen anpil done sou sekirite vaksen sa yo nan gwosès. Yo pa t mete fanm ansent yo nan esè klinik pou vaksen yo. Sepandan, tankou anpil nouvo medikaman ak vaksen, yo te etidye vaksen kont COVID-19 yo kay bèt ki plenn yo. Etid sa yo pa t montre okenn konplikasyon ki lye ak devlopman fetis la apre vaksinasyon.

Mwen ansent. Èske lè mwen pran vaksen an enpòtan?

Desizyon sou kilè ou pral vaksine a ta dwe pran ansanm avèk OB/GYN ou. Sa ta dwe an konsiderasyon ris eskpozisyon ou avèk viris la ak ki chans ou genyen pou ta vin malad grav si ou ta trape viris la. Pa genyen okenn done ki montre vaksen kont COVID-19 yo lakòz foskouch.

Mwen tande gen kèk moun ki fè reyaksyon apre vaksinasyon an. Èske sa yo danjere pandan gwosès?

Sentòm ki genyen ladan yo lafyè, doulè nan misk, doulè nan jwenti, fatig ak maltèt se efè segondè komen vaksen kont COVID-19 yo (sitou apre dezyèm dòz vaksen Pfizer ak Moderna yo). Majorite efè segondè modere yo sispann apre youn oswa de jou epi yo pa kwè yo danjere. Si ou genyen enkyetid sou efè segondè vaksen kont COVID-19 yo ak gwosès ou a, pale avèk OB/GYN ou a anvan ou vaksinen.

[Li plis enfòmasyon sou efè segondè ki ka genyen yo](#)

Mwen ap bay tete. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Selon ekspè nasyonal ak ekspè entènasyonal yo, ak Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS), nenpòt vaksen ki antre nan lèt manman an pral dezaktive rapid lè lèt la dijere. Nan moman sa a, pa gen okenn done konsènan sekirite nouvo vaksen sa yo sou tibebe ki nan tete. Si w ap bay tete, kèk nan antikò COVID-19 ou yo ou pwodui pou devlope iminite a kapab transmèt natirèlman bay tibebe w la.

Èske vaksen kont COVID-19 yo pral afekte chans mwen pou mwen ansent alavni?

Pa genyen okenn prèv vaksen yo afekte fètilite alavni.

E si m vin ansent ant premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a ak dezyèm dòz la?

Si ou te resevwa yon premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a, ou kapab chwazi si ou vle pran dezyèm dòz la pandan gwosès la oswa tann pou pran dezyèm dòz la apre ou fin fè tibebe w la. Anpil moun ki te gentan pran premye dòz la ka chwazi pran dezyèm dòz la, pou yo kapab vin iminize pandan peryòd gwosès la.

Mwen ap planifye gwosès mwen nan yon lavni pwòch. Èske mwen ta dwe vaksine kounyeya oswa tann?

Yo pa kwè vaksen kont COVID-19 yo ap afekte kapasite w pou ansent alavni. Si w vaksine anvan ou vin ansent, sa gen dwa anpeche w trape COVID-19 pandan gwosès la. Li kapab evite tou pou bezwen



vaksinasyon pandan gwosès la. Dizuit (18) moun ki te nan etid sou vaksinasyon COVID-19 la te vin ansent apre yo fin pran vaksen an. Jiskaprezan, gwosès sa yo ap pouswiv. Nou espere aprann plis bagay sou gwosès yo a anvan lontan.

Timoun yo

Èske timoun kapab vaksinen?

Yo apwouve Vaksen Pfizer a pou jèn moun ki gen 16 zan oswa pi gran. Yo apwouve vaksen Moderna a pou moun ki gen laj 18 lane ak sila ki pi gran yo. Premye esè klinik ki te fèt sou vaksen sa yo te limite nan tranch laj sa yo epi yo pa t enkli moun ki te pi jèn pase sa.

Adolesan ki gen laj 16 lane oswa plis elijib nan Massachussetts apati 19 avril. Pasyan ki elijib yo, ki gen laj 16 a 17 lane yo, ki resevwa yon envitasyon pou pran vaksen an nan yon lokal Mass General Brigham, bezwen [yon dispans](#) yon paran siyen pou yo kapab pran vaksen an.

Si ou ap viv nan yon lòt Eta, tanpri verifye enfòmasyon Eta w la bay.

Kilè sila yo ki gen laj 15 lane ak sila ki pi jèn yo ap kapab pran vaksen kont COVID-19 la?

Nou pa konnen kilè yo ka apwouve youn oswa plis vaksen pou tranch laj sa a. Yo poko enkli timoun ki pi piti pase laj 12 lane yo nan esè yo.

Sistèm iminitè timoun yo ak sistèm iminitè adilt yo pa menm epi yo ka pwodui yon seri reyaksyon iminitè ki diferan fas ak vaksen yo. Yo dwe etidye vaksen yo nan kominote timoun ki gen laj 15 lane ak sila ki pi piti yo pou asire yo ke yo san danje epi ke yo fonksyone. Pfizer ak Moderna lanse nouvo esè sou vaksen ki enkli timoun ki nan laj 12 lane. Johnson & Johnson pral teste vaksen li a anpremye kay timoun ki gen plis pase 12 lane epi ki poko gen 18 lane men li prevwa li pral demare yon etid ki gen ladan tibebe ki fenk fèt ak adolesan tou. Osito gen done, vaksen yo ap pase pa menm pwosesis revizyon Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (FDA) a. Y ap apwouve vaksen yo si done yo montre ke yo san danje epi ke yo efikas. Gen anpil chans sa ka pran plizyè mwa.

Èske timoun yo ap vaksinen avan kòmansman ane eskolè 2021-22 a?

Pwiske yo poko apwouve vaksen sa yo pou moun ki gen pi piti pase laj 16 lane, li pa pwobab pou pifò timoun vaksinen avan kòmansman pwochen ane eskolè a. Sepandan, pwofesè ak anplwaye lekòl yo gen opòtinite pou yo vaksinen. Adolesan ki nan laj 16 ak 17 lane ka pran vaksen an nan kòmansman ane eskolè a.

Pasyan ki gen kansè

Mwen gen kansè. Èske m ta dwe pran vaksen kont COVID-19 la?

Wi. CDC deklare ke moun ki gen kansè ka pran vaksen kont COVID-19 yo, depi yo pa t gen okenn pwoblèm pou yo te pran vaksen yo oparavan.



Èske mwen ta dwe pran vaksen an si mwen sou tretman aktif pou kansè oswa èske mwen ta dwe tann tretman m lan fini?

Si tretman w ap fè kounye a gen ladan chimyoterapi, iminoterapi, terapi sible, oswa radyoterapi, ou ta dwe pale ak ekip k ap ba w swen an pou deside kilè pou pran vaksen an.

Lè w ap pran desizyon sa a, ou ta dwe konsidere risk ou genyen pou an kontak ak viris la, risk ou genyen pou vin tonbe malad grav si w trape viris la toutbon, ak lè ou pral fini tretman an.

Si ou fini tretman ou, ou ta dwe vaksinen. Sa enkli pasyan yo toujou ap konsilte yo, nan kad tretman apre a oswa sa yo konsidere kòm moun ki nan pati "sivi" nan pakou yo.

Èske vaksen yo ap afekte tretman kansè m nan?

Non. Nan moman sa a, pa gen okenn evidans ki montre vaksen yo pral afekte tretman kansè w la.

Èske moun k ap ban m swen an kapab vaksinen?

Moun k ap ba w swen an (pa egzanp madanm/mari oswa pitit ki adilt) ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante pa yo pou detèmine si yo ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19.

[Aprann plis sou disponibilite vaksen an epi pran randevou pou pran vaksen an nan Mass General Brigham](#)

Lòt Resous

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Avantaj ki genyen nan Pran Vaksen kont COVID-19 la - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>
- Lè kantite vaksen an limite, ki moun y ap bay vaksen an dabò? - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/recommendations.html>
- Vaksen kont COVID-19 la nan Massachusetts - <https://www.mass.gov/covid-19-vaccine-in-massachusetts>
- Moun ki gen pi gwo risk pou yo gen maladi ki grav yo - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/faq.html#People-at-Higher-Risk-for-Severe-Illness>
- Administrasyon Aliman ak Medikaman: Vaksen kont COVID-19 Pfizer-BioNTech - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/pfizer-biontech-covid-19-vaccine>
- Administrasyon Aliman ak Medikaman: Vaksen kont COVID-19 Moderna - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/moderna-covid-19-vaccine>
- Konprann Vaksen ARNm kont COVID-19 yo - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html>
- Administrasyon Aliman ak Medikaman: Vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson (Janssen) - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine#additional>
- Sitwèb Mass General Brigham sou COVID-19 la - <https://www.massgeneralbrigham.org/covid19>

